Pou Piblikasyon Imedya: 04/04/2019 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOGRÈ NAN DE PWOJÈ DEVLOPMAN LOJMAN KI A PRI ABÒDAB KLE YO KI AP EDE REVITALIZE EAST SIDE BUFFALO

AP Lofts ki nan Larkinville ak Elim Townhomes Ansanm Yo Ap Kreye 177 Kay Ki A Pri Abòdab ak Nouvèl Espas Komèsyal pou Kontinye ak Efò Revitalizasyon Eta a Ap Fè yo nan East Side Buffalo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a achèvman AP Lofts nan Larkinville - ki se yon reyamenajman ki koute 40 milyon dola ke yo te fè de ansyen antrepo konpayi Atlantic and Pacific Tea Company an - ak inogirasyon tèren nan Elim Townhomes, ki toulède nan East Side Buffalo. Ansanm, pwojè devlopman yo pral kreye 177 nouvo kay ki a pri abòdab ak plis pase 4,100 pye kare espas komèsyal nan etaj chose a. De pwojè devlopman lojman ak kominotè yo ap kontinye ak efò revitalizasyon ki ap kontinye nan Eta New York yo nan East Side Buffalo.

"Pandan ke ekonomi Buffalo a ap kontinye devlope, li krisyal pou nou envesti nan nouvèl opòtinite lojman yo ki ap asire ke tout abitan yo gen chans pataje renesans Queen City lan", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kay lojman ki a pri abòdab sa yo pral ede kontinye ak efò nou ap fè yo pou revitalize East Side Buffalo epi konstwi yon pi bon avni pou fanmi li yo."

"Pwojè Elim Townhomes ak AP Lofts yo ap kontinye ak angajman nou te pran pou fè vanse East Side Buffalo devan ak nouvo lojman, enfrastrikti, biznis, ak yon sans lespwa ki renouvle pou abitan yo", **se sa Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi a, te deklare.** "Ak finansman ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York lan, nou ap kreye plis opòtinite lojman ki a pri abòdab epi amelyore kalite lavi nan katye Buffalo yo. Soti depi nan Larkinville pou rive nan Fillmore Avenue, nou te konsantre sou envesti nan chak zòn pou asire plis pwogrè."

Angajman Gouvènè an pran pou bay tout moun New York yo aksè a lojman ki sekirize epi a pri abòdab sa reflete nan Plan Lojman san presedan 20 milya dola sou senk ane a ke Eta a genyen. Plan an ap fè gen lojman ki aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri an lè y'ap konstwi oswa prezève plis pase 100,000 kay ki a pri abòdab ak 6,000 lojman ki bay sèvis sipò yo. Plan an se yon apwòch global pou abòde pwoblèm lojman atravè eta a epi li gen ladan devlopman lojman ak kominotè pou divès fanmi, ak pou yon sèl fanmi yo. Depi 2011, HCR te envesti plis pase 112 milyon dola nan East Side Buffalo ki te konsywi oswa prezève 1,217 apatman ki a pri abòdab. Sa te kreye lojman ki a pri abòdab pou plis pase 2,700 moun.

AP Lofts ki nan Larkinville Ap Transfòme Antrepo Istorik Ki Vid lan An Apatman pou Moun ki Gen Revni Varye ak Restoran

AP Lofts ki nan Larkinville ap transfòme antrepo konpayi Atlantic & Pacific Tea Company istorik lan, ki te vid depi 1975 lan an yon batiman apatman ki gen 147 kay nan modèl swit yo ak yon restoran soti nan fèm ale sou tab yo ak espas brasri ki nan etaj chose a.

Majorite nan aptman ki gen yon sèl ak sa ki gen de chanm a kouche yo pral a pri abòdab pou fanmi ki ap touche 60 pousan nan oswa pi piti pase Revni Mwayen Zòn nan ak 28 apatman pou fanmi ki ap touche 130 pousan nan oswa piti pase Revni Mwayen Zòn nan. Belt Line Brewery & Kitchen okipe 4,100 pye kare espas komèsyal nan etaj chose a ki fas a Hamburg Street.

Konstwi inisyalman an 1910, yo te ajoute antrepo ki gen ywit etaj lan nan Rejis Sit Istorik Eta ak Nasyonal la (State and National Registers of Historic Places) an 2015. Renovasyon batiman yo te gen ladan demolisyon entèn; konpatiman entèn ki tou nèf yo; sistèm mekanik, elektrik ak plonbri ki modènize yo; ak nouvèl twati, asansè ak fenèt. Batiman an ki pa konsome anpil enèji a gen ladan fonksyon ekleraj ak aparèy EnergyStar yo, fonksyon ekleraj ki aktive pa sansè monitè yo ak fonksyon plonbri dlo a debi fèb yo.

AP Lofts ki nan Larkinville ap ofri abitan nou yo yon sal kominotè, sant biznis, sal egzèsis ak sant byennèt, lakou ekstèn ak espas ekolojik yo ak pakin entèn kote yo kontwole klima yo.

Finansman Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York lan pou AP Lofts ki nan Larkinville lan gen ladan 6.5 milyon dola sou fòm kontra ki san enpo, Kredi Enpo Lokatif pou Moun ki gen Revni Fèb (Low-Income Housing Tax Credits) federal yo, ki te jenere 9.9 milyon dola nan ekite ak yon 8 milyon dola adisyonèl nan sibvansyon. Kredi enpo istorik eta ak federal yo te jenere prèske 11.35 milyon dola nan ekite. Vil Buffalo te bay 975,000 dola nan fon HOME yo. Pwojè a te devlope pa KCG Development.

Elim Townhomes Ap Ede Transfòme Central Park Plaza an Kominote Dinamik Divès

Epi tou sou East Side lan, konstwikyon yo ap vanse nan Elim Townhomes, yon batiman lojman ki gen 30 kay ki a pri abòdab, ki koute 10.7 milyon dola ki fè pati redevlopman ansyen Central Park Plaza. Elim Townhomes pral rejwenn pi gwo Vilaj Highland Park lan pou kontinye ak transfòmasyon plas espas komèsyal acha ki neglije epi ki vid lan pou vin yon kominote rezidansyèl dinamik, ki ap ajoute kay ki a pri abòdab nan nouvèl kominote a, ki pral evantyèlman gen ladan 600 apatman, apatman an blòk yo ak kay ki gwoupe yo, kay pou yon sèl fanmi yo, yon otèl, restoran ak sèvis medikal.

Elim Townhomes pral gen senk batiman nan modèl kay ki gwoupe yo ki gen apatman ki a pri abòdab pou fanmi ki gen revni ki 50 pousan oswa pi piti pase Revni Mwayen Zòn nan. Yo pral rezève sis apatman pou moun ki gen andikap fizik oswa lezyon serebral twomatik yo. Amenajman yo gen ladan yo espas pou fè lesiv sou plas, yon sal kominotè ki gen yon zòn pou kwizin, espas estokaj ki dedike nan chak kay, yon tèren pou jwe, yon zòn ekstèn pou moun chita ak pakin pou bisiklèt sou plas.

Finansman leta pou Elim Townhomes gen ladan Kredi Enpo Lokatif pou Moun ki gen Revni Fèb federal yo ki pral jenere 6.7 milyon dola nan ekite ak yon 3 milyon dola adisyonèl nan sibvansyon. Vil Buffalo te bay 900,000 dola nan fon HOME yo. Ekip devlopman gen ladan konpayi Belmont Housing Resources for WNY ansanm ak Elim Community Development Corporation. Elim Townhomes se premye pwojè ki devlope pa Elim Community Development Corporation an patenarya ak legliz Elim Christian Fellowship.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR, te deklare, "AP Lofts ki nan Larkinville ak Elim Townhomes ap pote nouvèl opòtinite sou East Side lan. Plis pase 177 abitan pral gen yon bèl kay ki a pri abòdab ki gen aksè fasil a resous kominotè yo, anplwa, transpò, èv atistik, ak kilti ak lòt amenajman yo. Nan jwenn yon nouvèl fonksyon pou de ansyen espas endistriyèl sa yo, nou ap kreye yon avni ki pi briyan pou East Side lan pandan ke nou ap rekonèt istwa katye a antan yon distrik manifakti. Felisitasyon a tout patnè nou yo nan toulède devlopman yo".

Komisè Pwovizwa Pak Eta yo Erik Kulleseid te deklare, "Atravè New York, kominote ak biznis yo ap anbrase estrateji prezèvasyon istorik yo pou pwomouvwa renouvèlman kominotè, anrichisman kiltirèl, ak kwasans ekonomik. Mwen aplodi AP Lofts ki nan Larkinville poutèt gwo itilizasyon ke yo fè de kredi fiskal istorik yo ki ap prezève alafwa istwa diferan kominote a pandan ke yo ap bay solisyon devlopman ki kreyatif pou amelyorasyon eta a".

Senatè Tim Kennedy te deklare, "Elim Townhomes ansanm ak AP Lofts ki nan Larkinville pral vin ankò yon lòt viktwa nan revitalizasyon Buffalo ki ap kontinye a. Envestisman plizyè milyon dola sa a nan lojman ki a pri abòdab nan East Side Buffalo a pral benefisye a plizyè santèn fanmi. Nan moman krisyal sa a, pwojè tankou sa yo se sa ki fè diferans lan. Mwen vle felisite Elim Community Development Corporation, KCG Development, ak konpayi Belmont Housing Resources for WNY poutèt efò yo te fè ak angajman yo te pran pou fè envestisman ak kwasans ki ap kontinye nan Vil Buffalo".

Chèf Majorite a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Felisitasyon poutèt gwo pa annavan majè sa a nan amelyore kalite lavi nan East Side Buffalo. Achèvman AP Lofts ki nan Larkinville ki koute 40 milyon dola a pral ede alimante lavi nan yon antrepo ki vid ke yo te bliye anvan ki ap kreye 147 nouvo espas pou moun viv epi ki a pri abòdab, yon restoran soti nan fèm ale sou tab, ak yon brasri. Inogirasyon tèren nan pwojè Elim Townhomes ki koute 10.7 milyon dola a pral bay lespwa ak endepandans pou kèk nan abitan ki pi vilnerab pami nou yo ki ap viv ak pwoblèm fizik yo oswa lezyon serebral yo ak 30 kay ki a pri abòdab. Tout bagay sa yo te posib gras a kolaborasyon ant Vil Buffalo, Eta a, ak gouvènman federal la".

Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare, "Revitalizasyon East Side Buffalo a ap fè yon pa annavan majè ak pwojè sa yo, ki toulède pral bay lojman ki a pri abòdab pandan ke yo ap ajoute sou nouvèl enèji ki nan vil lan. AP Lofts ki nan Larkinville ap transfòme yon batiman istorik an yon espas kontanporen pou moun viv pandan ke konstwiksyon Elim Townhouses yo ap kontinye ak redevlopman ansyen Central Park Plaza, kidonk chak pwojè ap kreye yon sant kominotè dinamik kote ki pa te gen okenn

ki te la anvan. Pwojè sa yo se pwojè transfòmatif reyèl ki bon pou Buffalo ak Konte Erie".

Majistra Byron W. Brown te deklare, "Administrasyon mwen an kontan pou nou pran devan kòm yon lidè nan kreyasyon opòtinite lojman abòdab toupatou atravè Vil Buffalo a. 177 apatman ki konbine yo ke yo te kreye atravè pwojè Elim Townhomes ak AP Lofts yo se ajou fantastik sou plis pase 2,000 kay lojman ki a pri abòdab ke administrasyon mwen an te travay pou devlope depi 2006. Vil Buffalo ap yon lòt fwa ankò fè pou li fè patenarya ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York lan, ansanm ak legliz Elim Christian Fellowship Church, Belmont Housing Resources ak KCG Companies nan kokennchenn pwojè sa yo".

Stacey Kaplowitz, ki se Vis Prezidant Devlopman nan KCG Development, te deklare, "KCG Development fyè pou li jwenn akèy nan kominote Buffalo a ak gran ouvèti AP Lofts. Vizyon pou pwojè reyitilizasyon adaptatif istorik sa a te enspire pa istwa rich, divès ak renesans dinamik Larkinville. Nou ta renmen remèsye patnè kominotè nou yo ak ekip Gouvènè Andrew Cuomo a ki nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), gouvènman federal la, Majistra Byron W. Brown ak Ajans Renouvèlman Iben Buffalo a (Buffalo Urban Renewal Agency), Boston Capital ak Citibank, N.A. poutèt sipò finansye yo. AP Lofts se yon prèv angajman KCG pran nan konstwi kominote dirab ki reprezante valè ak opòtinite alontèm pou abitan yo ak kominote a okonplè".

Michael Riegel, ki se Prezidan Belmont Housing Resources for WNY, te deklare, "Kreyasyon nouvèl opòtinite yo pou lojman ki a pri abòdab yo pou abitan ki nan Rejyon Lwès New York se yon bagay ke nou pran anpil fyète ladan. Sa se katriyèm nouvo pwojè lojman nou ki konplete sou East Side Buffalo a pandan sis ane ki sot pase yo. Li te non sèlman enteresan pou nou gade revitalizasyon zòn sa a, men tou pou nou kapab vin yon pati nan yo, pandan opòtinite sa yo ap ede sipòte misyon nou genyen epi finalman chanje lavi moun isit la nan Rejyon Lwès New York".

Tim Hogues, ki se Prezidan Konsèy nan Elim Community Development Corporation, te deklare, "Angajman Elim pran anvè revitalizasyon katye Fillmore-Leroy lan te kòmanse depi byen plis pase 15 an de sa lè Bishop T. Anthony Bronner te pran desizyon konstwi yon legliz ki nan kè yon kominote kote anpil lòt biznis ak òganizasyon t'ap kite. Angajman nou kontinye pran nan zòn sa a ranfòse atravè kolaborasyon aktyèl nou ak konpayi Belmont Housing Resources for WNY, Inc. nan devlopman pwojè Elim Townhomes lan. Efò ki te nesesè pou akonpli inogirasyon tèren memorab sa a te konstwi sou dedikasyon ak yon kwayans ke katye sa a kapab fè yon renesans atravè travay di ak konstwiksyon kominotè atravè patenarya presye yo".

###